CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #०३

१७।७।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## चालु आ.व.के आश्विन महिना तक वैदेशिक रोजगार बोर्डके सचिवालयद्वारा आर्थिक सहयोगमे कएलगेल खर्चके विवरण



३२८ कोई मृतक कामदारके परिवारके आर्थिक सहायता

**रु. २१,९२,१०,०००**



३२ कोई अंगभंग/बिमारी भेल कामदारके आर्थिक सहयोग

**रु. १,०५,९०,०००**



७ ओहिना छोड्ल शव नेपाल भिकाबके लेल रकम पठाएलगेल

**रु. २७,७०,८३१**



२६८ मृतक कामदारके शव घर ठेगानातक ढुवानी कएलगेल

**रु. ५९,४०,०१६**




८६ कोई समस्यामे पड्ल कामदारके उद्दार/टिकटके लेल मलेसियामे रकम पठाएलगेल

**रु. ३०,००,०००**

**जम्मा रकम**

**रु. २४,१५,१०,८४७**

स्रोत: https://cutt.ly/agODTCT

## नेपाल अपडेट



काभ्रेपलाञ्चोक जिलाके मण्डनदेउपुर नगरपालिका वडा नं ८ धाइटारमे रहल सेवक नेपालद्वारा संचालन कएलगेल बाल आश्रमके विद्यार्थीसभ क्रमबद्ध भऽक विद्यालय जाईत।

चित्र: केशवराज पौडेल

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १४,६९,८१२

पोजेटिभ: १,७६,५००

उपचाररत: ३,७५,२४

मृत्यु : ९८४

सन्चो भएका : १,३७,९९२






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



आब त सरकारी अस्पतालमे सेहो कोभिड - १९ के बिमारीके ईलाज करेलापर पहिले धरौटी राख परतै कहादन ।

टेकु अस्पताल लगाएतके किछ सरकरी अस्पतालसभ  कोभिड - १९ के बिमारीके अवस्था अनुसार दैनिक लागत शुल्क सहित बिमारीके अग्रिम धरौटी राख परत  सूचना जारी केने समाचारसभ आएल छल । तेहन धरौटी सम्बन्धि निकालवला सबके स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय स्पष्टिकरण पुछने अछि । सामर्थ्यवान सँ शुल्क लेब आ नै सकवलाके नि:शुल्क ईलाज करके सरकारके निर्णय यथावत रहल स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय जनौलक अछि । शुल्क तिर नै सकवलाके स्वघोषणा फारम भैरलाके बादो ईलाज खच सरकार बहन करत ।

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/videos/685481642095524



सरकारद्वारा गरिब पहिचान कलक परिचयपत्र दरहल अछि कहादन । कि ईहे परिचय पत्रके आधारमे सरकार कोरोनाके ईलाज मंगानिएमे करत ?

नै । अखने परिचयपत्रके आधारमे कोरोनाके ईलाज सरकार मंगानिएमे करत नै कहने छै । गरिब तथा विपन्न वर्गके तथ्यांक नै भेला सँ राज्यके तरफ सँ राहत तथा सहुलियतके कार्यक्रम सञ्चालन कर समस्या भेलाके कारण सँ चालु आर्थिक वर्ष २०७७/७८ भितर गरिब घरपरिवार पहिचान कलक परिचय पत्र वितरण कार्य सम्पन्न करके योजना सरकार बनेने अछि । लेकिन, अई सँ तेकर बादके दिनमे मुदा परिचयपत्रके आधारमे राहत, सहुलियत, रोजगारी, सामाजिक सुरक्षा लगाएतके कार्यक्रम सञ्चालन कर सरकारके सहज हेतै ।

स्रोत: https://cutt.ly/xgOqDqs



सुदूरपश्चिम प्रदेशके कोभिड - १९ सम्बन्धी सब अद्यावधिक आब मोबाईले सँ जानकारी पाब सकैत अछि कहादन, तै केले ल कि कर परतै ?

सुदूरपश्चिम प्रदेशके कोभिड १९सम्बन्धी सब अद्यावधिक आब मोवाईले सँ पाब सकब कहलगेल छै । तैके लेल अपन मोबाईलके गुगल प्लेस्टोर मे जालक #SudurpaschimCovid19Tracker App डाउनलोड कर परत । https://play.google.com/store/apps/details मे जालक सेहो आसानी सँ एप डाउनलोड कर सकैछी ।

स्रोत: सुदूरपश्चिम सामाजिक विकास मन्त्रालय, सुदूरपश्चिम प्रदेश



अगहन ९ गते सँ सञ्चालन होबवला कक्षा १२ के विद्यार्थी परीक्षा देब अपने पढने विद्यलयेमे उपस्थित होब परतै ?

कोभिड - १९ के कारण अपने अध्ययन केने विद्यालय रहल जिला सँ फरक जिलामे रहल अपन विद्यालयमे उपस्थित भऽ परिक्षामे सहभागि होब असमर्थ परिक्षार्थीसभके अई सँ पहिलेही पायक परवला जिलाके विद्यालयमे विवरण पेश कर कहने छलै । ओही विवरणके आधारमे विद्यार्थी परिक्षामे सहभागी होब सकैत अछि । अई प्रयोजनके लेल काठमाण्डौ उपत्यकाके तीनु जिलाके एकेटा जिला मान परत ।

स्रोत: http://www.neb.gov.np/uploads/photos/CRZhu-rJpk201029092513.pdf

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्टयाक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्टयाक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,४७,६५६ संक्रमित | १,२६,५३४ संक्रमित | ८१,९२३ संक्रमित | १,३२,७२० संक्रमित | १,३३,९०७ संक्रमित | १,१६,१५२ संक्रमित | ३३,३३९ संक्रमित | २६,७३२ संक्रमित |
| ५,१५० नेपाली संक्रमित | २,१०० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २६,५०० नेपाली संक्रमित | ३,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २७ नेपाली संक्रमित |
| ८३ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ६९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## यूएईमे मे कम्पनी तलब नै देलक त कि करब ?

कानुन अनुसार कोनो भी कम्पनीके अपन कामदारके WPS (Wages Protection System) अनुसार बैंक अर्थात् कोनो भी वित्तिय संस्था मार्फत तलब देब परैत छै । ई तलब महिना खतम्भेल १० दिन भितरमे दळदेब परैत छै । जँ कम्पनीसभ एहन नै केने शिकायत परलापर MOHRE (यूएई सरकारके कम्पनी आ कामदारके सम्बन्ध देखबला संस्था) द्वारा कारवाही हेतै ।
तलब नै भेटल लगाएतके कोनो भी श्रमिक सम्बन्धि समस्या MOHRE लग राख सकैछी । लेकिन, कम्पनीके गल्ती भेल अवस्थामे मात्रे अपनासभके दर्ता कराएल शिकायतके सुनवाही हेतै । बहुते बातमे कम्पनीसँगे कएलगेल सम्झौतामे भर परलाके कारण, शिकायत करसँ पहिले सम्झौतामे कि छै से बुझनाई सेहो जरुरी छै ।

### शिकायत केना करब ?

**फोनसँ** : 80060 मे फोन कलक (हिन्दी, अरबिक, आ अंग्रेजी मे सँ कानो भी भाषामे बात कल सकैत छी ।)
**MOHRE के वेवसाईटस** www.mohre.gov.ae
**मेबाईल एप्लिकेशन:** MOHRE
*अपन पासपोर्ट नम्बर आ सम्भव भेलातक लेवर कार्ड नम्बर बुझिक राख परैछै ।*

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी – खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड – १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

**औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण**
रु. १,७५,५२,४०,०००

**स्वास्थ्य बीमा**
रु. २,९३,८८,९६,०००

**मानव स्रोत साधन परिचालन**
रु. ५,७४,४३,०००

**क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन**
रु. ४,६९,४६,०००

**अन्य**
रु. १,२४,७३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# घर फिर्ता आबमात्रे तीनलाख खर्च



हम किछ वर्ष पहिले रोजगारीके लेल दुबई गेल छलौ । हमर भिषाके म्याद २०७६ चैत्र १२ गते तक मात्रे छल । भिषाके अवधी खतम भेलाके बाद १२हे गते नेपाल फिर्ता आवबके टिकट कटेने छलौ । नेपालमे बन्दाबन्दी शुरु भेला सँ टिकट के पैसा बर्बाद भऽगेल । पैसा फिर्ता हेतै कहने छलै, लेकिन अखनतक फिर्ता नै भेल छै । चैत्र सँ २०७७ साउन १० गतेतक ४ महिना अपने खर्चमे ओत रहलौ । रहके क्रममे हमर करिब १ लाख ५० हजार रुपैयाँ खर्च भेल । आरो कहु तँ ओई सँ पहिले महिनो दु:ख कऽक कमेने लाखों रुपैया ओत रहिक मात्रे खर्च भगेल।

साउन १० गते ७० हजार रुपैयाँके टिकट काईटक नेपाल एलौ । जबकी आरो समयमे टिकटके करिब १७ हजार रुपैया मात्रे लगैछलै । काठमाण्डौंमे चाईर दिन रहपरल । ओई अबधीमे कहल जेहन खाना आ रह नै पेलौ । करिब १२ हजार खर्च केलाके बाद सुर्खेत पहुँचलौ । सुर्खेतमे १ दिन सुब्बाकुना नामक जगहमे बड्ड तकलिफ कऽक रहलौ । तेकरबाद विरेन्द्रनगर स्थित घण्टाघरमे रहल क्वारेन्टाईनमे रहिक घर गेलौ । आरो समयमे ५० हजार लागवला खर्च अईबेर हमरा घरतक पहुचँमे करिब तीनलाख रुपैया लागल ।

अखन परिस्थिती सहज नै भेला सँ गाँमेमे रहिरहल छी । एत कमायके वातावरण नै छै । स्थिती सहज भेलाके बाद फेर विदेशे जाँयके विचार छै । एत एलासँ आरो समय सँ बेसी खर्च भेलासँ हमरा आरो आर्जन करपरके बाध्यता अछि । एतके स्थानीय तह हमरासभके काम करके वातावरण नै बनेने अछि । नगरपालिकामे किछ रोजगारमुलक कामसभ त छै, लेकिन ऊ कार्यक्रमसभ एकदमे कम समयके लेल छै । मजदूरी सेहो बढिया नै छै । अई अवस्थामे हमसभ एत रहिक खर्च नै टार सकब । कहिया अवस्था सहज हेतै आ भिषाके लेल आवेदन देब जेना भेल अछि । हमरासभके जहुना भी विदेश जायपरवला अवस्था कहिया अन्त्य हेतै ?

**प्रेम कँडेल**
*दैलेख*

accountabilitylab NEPAL

सही
सूचना

# नेपालमे कोभिड - १९ के संक्रमण दर कते खराब छै ?

## नेपालमे दैनिक पिसिआर परीक्षण कएने मे सँ संक्रमण पुष्टि होबके प्रतिशत (कार्तिक ४ गते सँ कार्तिक १६ तक)




उपरके ग्राफमे २०७७ साल कार्तिक ४ गते सँ कार्तिक १६ गते तक नेपालमे दैनिक पिसिआर परीक्षण कएने मे सँ संक्रमण पुष्टि होबके दरके देखाओल गेलछै । किछ बेसी आ कम आँकडाके छोईर देबै त, अई अबधिमे प्रतिदिन जाँच मे सँ औषत मे २४ प्रतिशतमे संक्रमण पुष्टि भेल छै । ई तथ्यांकसँ काठमाण्डौ जेहन घना वस्ती भेल शहरमे संक्रमण फैलके दर बहुते बढल संकेत करैत छै । आँकडा देखबै त, जाँचके दर बढलासंगे संक्रमितके संख्या सेहो ओही अनुसार बढल छै । अई सँ दुटा बात कह सकैछी: पहिल, नेपालमे कोभिड - १९ के संक्रमण घट्नानाई नै देखाईत छै आ दोसर, वास्तविक संक्रमण दर बुझके एकेटा मात्रे उपाय जाँचके दायरा बढेनाई छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

DISCLAIMER

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सन्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दललक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219